Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 3 (9798) /28 январь 2019 с. / итни 23 Джумадуль-авваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## В райадминистрации…



22 января на аппаратном совещании, которое состоялось в администрации района, заслушали годовой отчет отдела по физической культуре, спорту, туризму и делам молодежи. Вел совещание глава района Гаджимурад Мусаев. Информацию о проделанной в 2018 году работе представил начальник отдела Ибрагим Булатханов.

Отдел осуществляет работу по четырем направлениям, каждое из которых является важной составляющей развития района. Здесь имеется 33 плоскостных спортивных сооружения, а также 18 спортзалов и приспособленных для занятий спортом помещений. Подчеркивая острую необходимость в наращивании площадей спортивных площадок и игровых залов, Булатханов сказал, что общая обеспеченность района плоскостными спортивными площадками составляет 22,3%, а закрытыми площадками – 48,8%. При этом площадь спортивных залов на душу населения составляет 3,268 кв.м при нормативе 15,662 кв.м.

Большую помощь в развитии спортивной инфраструктуры оказывают спонсоры и активисты из числа общественников. Так, в 2018 году силами энтузиастов открыта спортивная площадка в микрорайоне Салавюрт с. Дылым, в с. Ленинаул инвесторы построили мини-футбольную площадку с искусственным покрытием, в селении Гостала завершилось строительство спортивного зала. Продолжается строительство спортивного зала в с. Калининаул.

Мероприятия отдела проходят под девизом **«Молодежь Казбековского района против экстремизма, терроризма и наркотиков»** в тесном взаимодействии с ДРОО **«Молодежь Казбековского района»**. Составлен совместный план работы на 2019 год, что позволит разнообразить мероприятия и сделать их более массовыми.

Большое внимание уделялось в течение года созданию условий для развития туризма, в результате чего район удостоился третьего места в конкурсе по линии Минтуризма РД в номинации **«Спортивный туризм»** за организацию и проведение республиканского конно-спортивного праздника, посвященного годовщине разгрома международных банд формирований, вторгшихся на территорию Дагестана в 1999 году. Всего за 2018 год отделом проведено 68 районных и республиканских мероприятий. Спортсмены района приняли участие почти во всех зональных и республиканских соревнованиях по волейболу, вольной борьбе, мини-футболу, национальным видам, скачкам, пулевой стрельбе, шашкам, шахматам, настольному теннису и другим видам спорта.

Недостаточной считает Булатханов проведенную отделом работу по привлечению жителей района к сдаче норм ГТО. В текущем году работа по этому направлению будет проводиться с учетом организационных ошибок.



Комментируя выступление начальника структурного подразделения администрации, Гаджимурад Мусаев отметил, что главным направлением работы отдела он считает работу с молодежью, а тех, кто работает с молодежью надо всячески поддерживать. По его мнению, необходимо иметь должный эффект от проводимых мероприятий в плане патриотического и духовно-нравственного воспитания. В отношении планов по развитию туризма, руководитель подчеркнул большую роль туристической отрасли для развития экономики района.

Присутствующие обсудили также вопросы, находящиеся на контроле главы муниципалитета. Так, главный специалист отдела экономики, прогнозирования и по оргвопросам администрации МР Зульфия Гаджиева рассказала об исполнении мероприятий дорожной карты по реализации проекта **«Безналичный Дагестан»**. Мусаев обозначил важность исполнения поставленных задач, ведь переход на безналичный расчет за товары и услуги в коммерческих структурах есть первый шаг по борьбе с теневой экономикой.

Заместителю начальника отдела муниципального имущества и земельных отношений администрации МР Ризвану Гамзатханову поручено наладить работу в сфере предоставления государственных и муниципальных услуг в электронном виде, а главам поселений указано на низкую активность по данному направлению работы. Последнее предупреждение главы ряда поселений получили также в связи с неразмещением данных об оказанных муниципальных услугах на портале ГАС **«Управление»**. Данные своевременно размещают только специалисты администраций селений Алмак и Гертма. Кардинально отстает по этому направлению Ленинаульская сельская администрация.

Глава района подчеркнул, что замечания, озвученные в адрес глав поселений, напрямую связаны с эффективностью работы их подчиненных. **«Без хороших специалистов трудно исполнять взятые на себя обязательства. Тем не менее, поставленные задачи должны быть неукоснительно выполнены»**, — завершил Мусаев.

## О санитарно - эпидемиологической ситуации в с.Ленинаул

По информации на 21 января эпидемиологическая ситуация в с.Ленинаул нормализовалась. С признаками острой кишечной инфекции в участковую больницу никто не обращался. Вспышка инфекции устранена, снят карантин в двух школах и трех детсадах села.

Подача воды по внутрисельским водопроводным сетям не возобновлена по причине того, что по данным лабораторных исследований от 19 января, не установлено соответствие проб воды гигиеническим требованиям по микробиологическим показателям. Постоянная подача воды возобновится после получения результатов лабораторных исследований, отвечающих нормам.

Вместе с тем, руководство района прилагает максимум усилий для скорейшего запуска в эксплуатацию новой внутрисельской водопроводной сети, строительство которой находится на стадии завершения. Пригодная для питья вода доставляется жителям села автоцистернами в достаточном количестве.

В этих условиях особое внимание уделяется разъяснительной работе по профилактике заболеваемости кишечными инфекциями. Среди населения проводится информационная кампания о недопустимости использования некипяченой воды для питья, а также необходимости мыть руки, овощи и фрукты перед едой.

Руководителям всех образовательных организаций района предписано принять дополнительные меры для обеззараживания колодцев и обеспечить наличие в организациях кулеров с кипяченой водой для питья.

## Микроавтобусал бакIазде щвана

14 январалда биччараб **«Чапар»** газеталда (№1,14.01.2019с.) кьун букIана районалде ункъо микроавтобус бачIиналъул информация.

Россиялда тIобитIулеб **«Школалъул автобус»** программаялда рекъон, нилъер республикаялде бачIана 140 микроавтобус.

Районалъе нухмалъулез, лъималазе школазде хьвадизе ругел захIмалъаби хIисабалдеги росун, рачIарал микроавтобусал кьуна - Дилим росдал лицеялъе, Буртунай, Хубар росабазул школазе ва Дубки посёлокалъул школалъе.



Буртунаялъул гьоркьохъеб школалъе ва Дилим росдал лицеялъе микроавтобусал кьолел рохалилал линейкабазда гIахьаллъана-районалъул бетIер XI.XI. Мусаев, гьесул заместитель И.И. Шабазов, районалъул финансазул Управлениялъул начальник Р.А.XIажиев, мугIалимзаби ва цIалдохъаби.

Дубки посёлокалъул, Хубар росдал школазе микроавтобусал кьуна гьезул администрациябазул бутIрул: ГI.К. Абакаровас ва Б.М. Беркихановас.

Гьелде тIадеги, районалъул администрациялъ ресал ратана, цIалул учреждениябазул техникаялъе ч1езабураб цIатариялъул къадар кIиго нухалъ цIикIкIинабизе, гьединго, цIиял микроавтобусазе росана хасалил гьакиберал,Буртунаялъул школалда лъуна хинлъичIезабиялъе цIиял котелал. Гьебго школалда, спонсоразул кумекалдалъун, рагIалде бахъунеб буго лъималазе хинаб санузел баялъул хIалтIиги.

*Пресслужба.*

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

*Рагъул бахIарзазе даимаб рецц «Конкурс - 2019»*

# ГЪасда хIинкъи лъалеб букIун гьечIо




Дир инсулги инсул эмен Джамалдин ШагIбанов гьавун вуго 1910 соналъ цебе Казбек районалде гьоркьобе унеб букIараб Миякьо росулъ. Гьев хIалтIулев вукIун вуго росдал Советалъул председательлъун.

1942 соналъ,гIарзаги кьун, гьев рагъде ун вуго. КIиго моцIил курсал лъугIун хадув, гьев ккун вуго гIарадачагIазул полкалде. Цо рагъулъ гьесул расчёталъ щущахъ биххизабула тушманасул пулемётазул лъабго **«рукIун»,** бухIула лъабго танк, гьезда гьоркьоб цо **«Тигр»** абулебги, нахъчIвала немцазул чанго гьужум. Гьеб рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ, Джамалдиние **«БахIарчилъиялъухъ»** медаль кьола. Чернигов шагьар эркен гьабиялъул рагъдаги гьесул расчёталъ тIокIлъи бихьизабула. Гьелъул гIужилаб кьвагьиялъ нилъер рагъухъабазе рес кьола церехун ине. Гьениб бихьизабураб тIокIлъиялъухъги Джамалдин мустахIикълъула кIиабилеб **«БахIарчилъиялъухъ»** медалалъе.

1943 соналъул ноябралда, рагъухъаби цере иналъе кумек гьабун,кьвагьдолеб гьезул расчёталде гьужум гьабула тушманасул самолётаз. Гьенив Джамалдин гIумруялдаса ватIалъула. Гьединаб бахIарчилъиялда цIунана ВатIан дир инсул эбелалъул эмен Джамалудин ШагIбановас. Гьеб нижеда киданиги кIочене гьечIо.

Гьай-гьай, гьевго гIадин, бахIарчилъиялда нилъер халкъ багъичIебани, тушманасдаса нилъ бергьин щакаб букIун батила. Фронталда ва тылалда нилъер гIадамаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ нилъеда лъала биценаздасан, ракIалдещвеяздасан,тIахьаздасан ва кинофильмабаздасан.

Нижер росулъа рагъде ун вуго 69 чи, гьезул цIикIкIунисел рагъул авлахъазда абадиялъ хутIун руго. Гьеб нилъеда киданиги кIочене бегьуларо.

***МухIамадкамиль ГIАМИРХАНОВ,***
***Миякьо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан.***

# КъанагIатги хутIичIо...

КъанагIатги хутIичIо нилъер халкъалъул КIудияб ВатIанияб рагъда эмен, вац, вас яги гIагарлъи гIахьаллъичIев чи. Рагъ лъугIаралдаса 73 сон аниги, жеги лъалеб гьечIо цо-цо рагъухъабазул къисмат ва гьединал гIемер руго.

Дир кIудияв инсул эмен ХIасан кколев вукIун вуго Иразиханил вас Алтумирзал ва гьесул лъади Зайнапил васлъун. Гьезул хъизаналда рукIун руго лъабго васги лъабго ясги.

Тарихалдасан, жеги чIаго ругел рагъул гIахьалчагIаздасан нилъеда лъала, тохлъукьего, нилъеде тIаде фашистазулаб Германия кIанцIи ва байбихьараб КIудияб ВатIанияб рагъалъ ракълилаб магIишаталда букIараб нилъер халкъалъул гIумру тIубанго хисизаби.

Дагъистаналъул киналго росабалъа гIадин, Алмахъалдаса бихьиналги лъугьана ВатIан цIунулезул мухъилъе. Алтумирзал кIудияв вас МухIамадсагIид армиялде ахIула 1940 соналъул июналда. Рагъулаб хъулухъ гьабизе гьев ккола Мурманск обласалде. М-сагIид вукIуна пулемётчиклъун.

1942 соналъул маялда гьев гIумруялдаса ватIалъула ва гьенивго вукъула. Мурманск областалъул рагъулаб комиссариаталъ 2007 соналда гьабураб хIукмуялда рекъон, М-сагIидил цIар хъван буго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал рагъухъабазул цIарал хъвараб мармаралъул хъорщода.

М-сагIид гIумруялдаса ватIалъанин бачIараб чIегIераб кагъаталъ Алтумирзалги Зайнапилги ракIазулъ лъураб ругъун жеги бидабецIцIулеб букIаго, хабар бачIуна. 1943 соналъул маялда рагъде арав гьезул кIиабилев вас ГIабдул-ПатахIги гIумруялдаса ватIалъанин. Гьеб ккун буго 1943 соналъул сентябралда.

Моздокалда гIагарда ккараб рагъулъ ГIабдул-ПатахI захIматго лъукъула ва госпиталалде ккола. Гьес эбел-инсухъе кагъат бачIуна жиндир бохдул хвезарун ругин ва, рес рекъани, жив гьаниса нахъе вачине рачIаян. Алтумирзаца чу бичун щвараб гIарацги кьун, Коргъолоевазул кIудияв эмен СагIдодин витIула васасда хадув (бажари бугев ва гIурус мацI лъалев чи хIисабалда). СагIдодиница цадахъ босула ГIабдул-ПатахIица бачIараб кагъатги. Амма СагIдодинида гьесде тIаде нух бахъизе кIоларо.


Алтумирзаев Г1абду-Патах1 (1924-1943с.с.)

Фронт гIагарда букIиналъ, органаз СагIдодин ккола ва нахъе витIула. ГIабдул-ПатахIил кагъат кодоб букIинчIебани, жив жанив тIамизецин бегьулаанин бицун буго СагIдодиница рукъове щведал.

Хадусан ГIабду-ПатахI ккола Тбилисиялъул госпиталалде ва гьенив хола.1952 соналъ армиялде арав дир кIудияв инсул эмен ХIасан ккола Грузиялде рагъулаб хъулухъ гьабизе. ХIасан щола ГIабдул-ПатахIил хобалде. Рагъулаб хъулухъ тIубан хадув, ХIасан хIалтIизе лъугьуна Тифлисалъул жанисел ишазул отделалде ва зама-заманалда вац вукъаралъуве уна. 1955 соналъ гьев гIагараб росулъе тIадвуссуна.

МухIамад-СагIидгун цадахъ рагъда рукIун руго Алмахъалдаса ГIабасил Жамалги Будайханил Набиги. Гьел гIагараб ракьалде тIадруссуна, М-сагIид рагъда чIванин ва жидеца гьев дова вукъанин гуреб, цоги щибниги батIияб гьез Алитумирзаеги Зайнапиеги бицунаро.

Рагъда хадусел соназ Алтумирза вукIун вуго гьанжесеб Ленинаул росулъ гьабазе нухмалъулевлъун. Цо нухалъ гьабихъе вачIун вуго ШугIайб


Алтумирзаев Мух1амад-саг1ит (1914-1942с.с.)

абулев чи. Гьес Алтумирзае бицун буго жинда цадахъ рагъда вукIарав чиясул ва гьесул бахIарчилъиялъул. Гьесул цIар цIехедал ШугIайбица **«МухIамад-СагIид»** букIанилан абун буго. Гьев жиндир кIудияв вас вукIанилан абула Алтумирзаца. Гьедин лъала инсуда васасул ккараб хIакъикъат.

Цо къоялъ,Гертмаялдаса мугIалим Дадаев МухIамадица дир кIудияв эмен СагIидихъеги ахIун, абун буго: «**Дица духъе битIулеб буго цо сурат. Гьелда ругезул цояв ккола дир вакьад АхIмадула,цогияв-Алтумирзал вас МухIамад-СагIид,лъабабилев лъазе кIвечIо. Хьул буго гьев лъазавизе дур кумек щвеялде**»,-ян.

КIудадада, «**Чапар**» газеталъул редактор Мухтар Чупалаевасул кумекалдалъун, гьев щивали лъазабизе кIун бугоан. Гьев вукIун вуго Алтумирзал вас М-СагIидгун рагъда вукIарав Алмахъалдаса ГIабасил вас Жамал.

АхIмадулаца МухIамадида бицун букIун буго М-СагIидил къвакIиялъулгун лебаллъиялъул, АхIмадулал рагIабазда рекъон, часталде щваразул щивасда цIехолеб букIун буго кинаб махщел кодоб бугебан. М-СагIидица абун буго гIужде кьвагьизе бажарулилан. Гьев снайперлъун тIамун вуго ва гьес гIемерал немцал чIван руго.

МухIамад-СагIидил яцалъул вас Зиядиница хъвараб макъалаялда бицунеб буго армиялде унеб мехалъ М-СагIид жидехъе вачIун вукIун вугин, гьитIинав жив киниялдасаги вахъун, рецц-бакъги гьабун, жиндир эбелалде гьав цIунейилан абун бугин.

Гьединго, эбелалъ гьесда бицун буго инсул яц ХIабизат, Алтумирзал гьитIинав вас ХIасангун, жидехъе ячIун йикIанин ва гьелъ абунин ХIасанил чехь унтун гьечIин, гьесул мугъ бекун бугин. Гьедин абиялъе гIилла цIехедал, гьелъ абула М-СагIид чIванин бачIараб хабаралъ беканин гьесул мугъилан.

Гьединаб къисмат ккун буго Алтумирзал васазул. Гьеб киналъулго хIакъалъулъ дие бицана кIудада СагIид Алтумирзаевас.

***Сабир Алтумирзаев, Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул 9 кл. ц1алдохъан.***

# Х1амзаюрталда - артезиан

Зах1маталъул ветеран, пенсионер, жамг1ияв цевехъан, Бабаюрт районалъул Х1амзаюрт росулъ яшав гьабун вугев Буртунаялдаса Г1атанов Жансуца, жиндирго харжалдалъун, росдае х1ажатаб артезианалъул лъим къват1ибе бахъана.



40 мм. г1ат1илъиялда бугеб шлангалъусан лъим чвахулеб буго 18м. халалъиялда бугел маххул русбухъе. Г1адамазе, гьекъезе бач1араб г1и-боц1уе санаг1алъи бук1ине русбузда сверухъ бак1, чабахги бан, къач1ан буго.

Гьеб рах1му-ц1обалъулаб х1алт1и гьабурав Г1атанов Жансуе росдал жамаг1аталъ рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабулеб буго.

***Чупан Г1умаров, Х1амзаюрт росу***

# РакIбацIцIадаб хъулухъалъухъ…

**Зугьайдат МухIамадовна ГIабдулаева** гьаюна 1960 соналъ Гертма росулъ хъулухъчагIазул хъизаналда. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьей ана ДГПИялъул химиялъулгун биологиялъул факультеталде.



1983 соналъ, гIагараб школалда мугIалимлъун хIалтIизе лъугьиналдалъун, гали тIамуна гьелъ захIматалъул нухде. Лъималазде, умумузде ва цадахъ хIалтIулезде Зугьайдатил бугеб лъик1аб бербалагьи, гьелъул бажари бихьун, 1987 соналъ гьей тIамуна, классгун школа тун къватIибехун гьабулеб хIалтIи гIуцIиялъул рахъалъ, директорасул заместительлъун.

1993 соналъ гьезул хъизан гочана Дубки посёлокалде. Гьеб соналдаса байбихьун, Зугьайдат хIалтIулей йиго посёлокалъул администрациялда секретарьлъун. РакIбацIцIад, кIвахIтун, бажарун гьелъ хIалтIи гьабиялъул нугIзаллъун ккола гьелъие щварал-ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва цогидалги шапакъатал.

Камуларо Зугьайдат жамгIиял ишазулъаги. Гьелъ гIуцIула ва тIоритIула байрамал, гьелъул бухьен букIуна посёлокалъул гIуцIабигун, гьединго, Зугьайдатил халкквеялда буго социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул хIалтIиги.

Дагьал церегIан къояз Зугьайдат кIодо гьаюна **«РДялъул муниципалияб хъулухъалъул мустахIикъав хIалтIухъан»** абураб тIадегIанаб цIаралдалъун. Зугьайдатица ва рос НурмухIамадица (МВДялъул пенсионер, гьабсагIаталда Гьизилюрт районалъул администрациялъул специалист) гIезаруна ва гIумрудул нухда тIоритIана васги ясги.

**«Чапар»** газета гьоркьобккун, посёлокалъул жамагIаталъул, ветераназул Советалъул рахъалдасан, баркула Зугьайдатида тIадегIанаб цIар щвей, гьарула гьелъие сахлъи, рохел, талихI ва гьабулеб ишалъулъ битIккей.

*Г1.К.АБАКАРОВ, Дубки посёлокалъул администрациялъул бет1ер.*

# Вдвойне приятно тогда, когда…

**Мадина Расуловна Рамазанова** родилась в 1984 году в п.Дубки. Окончив Дубкинскую среднюю школу в 2002 году, она поступила в Астраханскую медакадемию. После учёбы Мадина была направлена на работу в с.Капустин Яр врачом акушерства и гинекологии.

С 2012 по 2017 гг. работала заведующей больницы. С 2017 года Мадина была назначена заместителем главного врача по лечебной части в ГБУЗ АО **«ЗАТО Знаменск»** и по совместительству акушер-гинекологом.



С 2018 года переведена на должность заведующей акушерско-гинекологического отделения.

Об её умении работать говорят многочисленные отзывы горожан, Почетные грамоты и Благодарственные письма Ахтубинской РБ ГБУЗ АО **«ЗАТО Знаменск»**, а также министерства здравоохранения Астраханской области.

О работе Мадины Расуловны красноречиво говорит письмо, полученное главой администрации п.Дубки Айнудином Каримовичем из Астраханской области.

«**Уважаемый Айнудин Каримович!**

**Несколько лет назад в наш город по направлению прибыла молодой врач Рамазанова Мадина Расуловна. Она за короткое время выросла из узкого специалиста до руководителя большого коллектива, став заведующей родильным домом. Благодаря своей настойчивости, целеустремленности, творческому подходу к работе Мадина не только сплотила коллектив, но и сделала его лучше и успешнее.**

**Мадина Расуловна постоянно совершенствуется, освоила уже несколько дополнительных направлений по вопросам диагностики женских заболеваний. Также за короткое время завоевала неоспоримый авторитет не только в коллективе, но и среди жителей города.**

**От жителей легендарного Знамёнска - колыбели ракетных войск и от себя лично выражаю благодарность администрации городского поселения «пос. Дубки» и школе, в которой училась Мадина Расуловна.**

**Особую благодарность выражаю родителям Мадины: Расулу Мусалаевичу и Айшат Абдурахмановне за воспитание прекрасной дочери дагестанского народа, которая каждый день дарит жизнь новому поколению, будущему России.**

**Уважаемый Айнудин Каримович, желаю Вам здоровья, терпения, процветания поселку «Дубки», а жителям - тепла и уюта в семьях.**

**В.Н.Дубровченко, глава «ЗАТО Знамёнск»**

Вдвойне приятно тогда, когда о наших земляках пишутся такие отзывы.

# Х1урмат гьабулейлъун лъала



Рек1ее бокьулеб х1алт1иги бугони, г1амал-раг1и данде ккарав г1умрудул гьудулги вугони, рокьулел лъималги ругони, т1ок1аб талих1 ч1ужуг1аданалъе къвариг1уларо. Гьединаб г1умрудул икъбал рик1к1ине бегьула Т1адег1анасул рах1матлъун.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго нилъеда лъик1айлъун лъалей, г1адамаздехунисеб бербалагьи берцинай, кидаго кумекалъе жий х1адурай Дилим росулъа Агиева Зайнапил х1акъалъуль.

**Зайнап Мух1амадрашидовна Агиева** гьаюна 1982 соналъ зах1мат бокьулеб хъизаналда. Гьит1инаб къоялдаса байбихьун, жиндир мунагьал чураяй, эбел Асиятица, лъик1аб тарбия кьун, г1езаюна Зайнап.

Росдал гьоркьохъеб школа лъуг1ун хадуй (2000 сон), гьей ана Москваялъул пачалихъияб университеталде.

2006 соналъ гьеб университеталъул экономическияб факультетги лъуг1изабун (финансал ва кредит), х1алт1изе лъугьана районалъул Россельхозбанкалда менеджер-операционистлъун.

Коллективалда гьоркьоб Зайнапил къимат буго. Гьелъие бокьула жинцаго т1аса бищараб х1алт1и.

Эркенаб заманалда гьабула маг1ишат. К1вах1тун, х1алт1ула жиндирго лъай борхизабиялда т1адги.

Зайнапица ва г1умрудул гьудул Шамилица, бит1араб тарбия кьун, г1езабулеб буго лъабго лъимер.

Жинца ва жиндир х1урмат гьабулейлъун, гьимун гурони к1алъаларейлъун лъала Зайнап Агиева росуцоздагун жидее х1ажаталъе банкиде рач1аразда.

*С.Султанмух1амадова.*

## Рагъул бах1арзазе даимаб рецц «Конкурс - 2019»

# Немцал «рацIулел» руго

МухIамадмансур Малачиев гьавун вуго 1911 соналъ Казбек районалъул Зурамо росулъ. Гитлерилаб Германия нилъер ВатIаналде тIаде кIанцIарабго, гьев рагъде витIула. Тбилиси шагьаралда рагъунлъиялъул курсал лъугIизарун хадув, гьев ккола кьвагьдохъабазул полкалде.

1942 соналъул ахиралда М-мансур лъукъула ва госпиталалде ккола. Сахлъун хадув, гьев жиндирго полкалде тIадвуссуна. Гьев гIахьаллъула Грозный шагьар тушманасдаса цIуниялъул рагъда. Нилъер рагъухъаби церехун унелъул, М-мансурица кьвагьизабун буго тушманасул пулемётазул кIиго **«рукIун»** ва гьелдалъун нилъер рагъухъабазе церехун ине рес щола.

**«ВатIаналъе гIоло», «Сталиние гIоло»** абурал ахIиязда гьоркь, беркъачIого, тушманасде тIаде унаанин нилъер рагъухъабиян бицана М-мансурица. Севериаб Осетиялда гьев кIиабизеги лъукъула, сахлъун хадув, рагъде тIадвуссуна. Гьес гIахьаллъи гьабула Новороссийск шагьар эркен гьабиялъул рагъалъулъги.

М-Мансурица бицана: **«Цо къоялъ ниж къаде кваназе чIун рукIана. Нижеде тIаде рачIана плащалги тIад ретIарал чагIи. Гьез нижеда цIехана щиб кколеб бугебан. «КIиабилеб фронт» кванилел ругоан жаваб гьабуна нижеда гьоркьоса цояс, тIаде рачIаразде кIварги кьечIого. Кьураб жаваб бичIчIинчIев гьес цадахъ вугесда цIехана абуралъул магIна щибан. Америкаялъ ритIарал консервал кванилел ругоян абуна кIиабилес.**

**Нуж щал кколел абун нижер цояс цIехедал, гьезул цояс абуна жив кколин Василий Иванович Чуйков, гьав жиндир гьалмагъ-фронталъул командующий, генерал Рокоссовскийги вугин.**

**Ниж, хехгьабун, тIаде рахъана, плащал ретIун рукIиналъ нуж ратIа рахъизе лъачIиланги абун,нижеца гьезда тIасалъугьаян гьарана. «ГIодорчIа, кванай, гьанже нилъер кIиабилеб фронталда бараб щибниги гьечIо, нилъеца немцал «рацIулел» руго янги абун, гьел нахъе ана»,**- ян.

*МухIамад МАЛАЧИЕВ,*
*Миякьо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан.*

# Рособрнадзор напоминает...

Федеральная служба по надзору в сфере образования и науки напоминает, что заявления на участие в ЕГЭ-2019 принимаются до 1 февраля включительно.

В заявлении необходимо перечислить предметы, по которым участник планирует сдавать ЕГЭ. При этом можно указать любое количество предметов. Два экзамена – русский язык и математика – являются обязательными для выпускников текущего года. Успешная сдача этих предметов необходима для получения аттестата о среднем общем образовании. С 2019 года выпускники могут выбрать только один уровень для сдачи ЕГЭ по математике – базовый или профильный. Выпускники прошлых лет, имеющие аттестат, могут зарегистрироваться на участие в ЕГЭ по математике только профильного уровня.

Остальные предметы сдаются участниками по их выбору и необходимы в первую очередь тем, кто желает продолжить обучение в вузе. Выбор должен быть основан на том, по какой специальности или направлению подготовки намерен продолжить обучение участник ЕГЭ, и какие предметы вуз будет засчитывать в качестве вступительных испытаний. Перед подачей заявления следует ознакомиться с этой информацией на сайтах выбранных вузов.

Выпускники школ текущего года подают заявление на сдачу ЕГЭ по месту учебы. Выпускники прошлых лет должны подать заявление в места регистрации на сдачу ЕГЭ, определяемые органами управления образованием субъектов Российской Федерации.

Заявления подаются обучающимися и выпускниками прошлых лет лично на основании документа, удостоверяющего их личность, или их родителями (законными представителями) на основании документа, удостоверяющего их личность, или уполномоченными лицами на основании документа, удостоверяющего их личность, и оформленной в установленном порядке доверенности.

Обучающиеся и выпускники прошлых лет с ограниченными возможностями здоровья при подаче заявления должны предъявить копию рекомендаций психолого-медико-педагогической комиссии, а участники-инвалиды и дети-инвалиды – оригинал или заверенную в установленном порядке копию справки, подтверждающей факт установления инвалидности, выданной федеральным государственным учреждением медико-социальной экспертизы.

Выпускники прошлых лет при подаче заявления должны предъявить оригиналы документов об образовании или их заверенные копии. Оригинал или копия иностранного документа об образовании предъявляется с заверенным в установленном порядке переводом с иностранного языка. Лица, обучающиеся по образовательным программам среднего профессионального образования, и обучающиеся, получающие среднее общее образование в иностранных образовательных организациях, при подаче заявления предъявляют справку из своей образовательной организации, подтверждающую освоение образовательных программ среднего общего образования или завершение освоения образовательных программ среднего общего образования в текущем учебном году. Оригинал справки для обучающихся в иностранных образовательных организациях предъявляется с заверенным в установленном порядке переводом с иностранного языка.

После 1 февраля заявление на участие в ЕГЭ принимается по решению государственной экзаменационной комиссии субъекта Российской Федерации только при наличии у заявителя уважительных причин (болезни или иных обстоятельств, подтвержденных документально) и не позднее, чем за две недели до начала экзаменов.

В 2019 году досрочный период ЕГЭ пройдет с 20 марта по 10 апреля, основной – с 27 мая по 1 июля. Ознакомиться с проектом расписания ЕГЭ-2019 можно на Официальном информационном портале ЕГЭ.

В соответствии с Порядком государственной итоговой аттестации по образовательным программам среднего общего образования, выпускники прошлых лет сдают ЕГЭ в досрочный период и резервные сроки основного периода ЕГЭ, выпускники текущего года – в основные сроки основного периода. Выпускники, у которых совпали сроки проведения экзаменов по отдельным учебным предметам, могут также сдать их в резервные сроки. Принять участие в ЕГЭ в иные сроки можно только при наличии уважительных причин (болезни или иных обстоятельств), подтвержденных документально, и соответствующего решения государственной экзаменационной комиссии.

*ПРЕССЛУЖБА.*

*Инсан ва г1умру*

# Дида ккола...

Ахирияб заманалда гIемер бицунеб ва хъвалеб буго рахьдал мацIалдехун бугеб бербалагьиялъул хIакъалъулъ. Гьедин бугелъул бокьун буго магIарул мацIалдехун бугеб бербалагьиялъул хIакъалъулъ дирго пикру загьир гьабизе.

Цого-цо гъурщида хадурги лъугьун, кIочон толел руго умумуз нилъее ирсалъе тарал хьвада-чIвади,ретIа-къай ва гIадатал. Пашманлъи рекIелъе рештIуна,лъималазул ахаздасан байбихьун, гIурус мацIалъ кIалъалел нилъер лъимал рукIиналъ. Радио-телевидениялдасан кьолел рахьдал мацIалъул передечабазда гIахьаллъаразги хIалтIизарулел руго гIемерал гIурус рагIаби, цо-цоялин абуни, гIурус мацIалда гурони кIалъалел гьечIо.

Школазда рукIарал рахьдал мацI лъазабиялъул дарсазде,гьанжесеб законалда рекъон,хьвадичIого чIезеги ихтияр кьун буго.

Гьелдасан бичIчIунарищ рахьдал мацIал тIагIинариялда тIад хIалтIулел рукIин? Гьелда хурхун, школазда хIалтIулел авар мацIалъул мугIалимзабаз кIвар буссинабизе ккела факультативиял занятиябазул хIалтIи пайда кьолеб къагIидаялда гIуцIизе, цIалдохъабазул магIарул мацIалдехун рокьи цIикIкIинабизе ва щула гьабизе.

Рукъ тун къватIирехун гIумру гьабулез жидедаго гьоркьоб бицине ккола магIарул мацI, жеги лъикIаб букIина каникулазул заманалда лъимал росабалъе гIагарлъиялъухъе рахьдал мацI ц1убаялъе ритIани.Нилъ кидаго рукIуна цоцазул гIунгутIаби ралагьулел ва рицунел, гьеб буго кутакалда мекъаб иш, щайгурелъул, гьеб ккола нилъерго жагьиллъи, гIакълу гьечIолъи къватIиб загьир гьаби.

Щай нилъеда гIадамазулъ ругел гъалатIал гурони, гьезул тIокIлъаби рихьизехъин гьечIел ва кида нилъ ругьунлъизе ругел нилъеразулго адаб -хатир гьабизе?

Дир пикруялда, нилъер гIадатлъун лъугьине ккола нилъергоги сверухъ ругезулги адаб-хIурмат,гьезул рукIа-рахъин лъикI букIинабиялда тIад хIалтIи гьаби.Цоги, гIемер бицуна рищват босиялъул ва наркоманиялъул. Бицунел рукIин гурони, гьел нахъегIанал пишабазе ахир лъеялъе гьабулеб хIалтIи бихьулеб гьечIо.

Гьелда тIад хIалтIи гьабизе тIадкъараз кьуч1дасанго гьеб хисизабизе ккеларищ? Цоги абизе бокьун буго росдал магIишаталъул хIакъалъулъ. Гьелъул хIалтIи халкъалъе пайдалияб къагIидаялда гIуцIизе ккей буго жакъа аслияб масъала. Щай абуни, гьеб нилъехъе умумулъанго бачIун бугелъул. Гьанже цIи тарав росдал магIишаталъул министр ГI.М. ГIабдулмуслимовас тIаде босун хIалтIи гьабулеб бугин ккола, бокьилаан гьеб хIалтIи тIаде кколеб идараялъ гьесго гIадин гьабизе, щайгурелъул, гьеб нилъер жамагIатазулги мурад бук1ун.

Диде ракIалде ккола гьедин битIун букIинин. Къойидаса къойиде рорхулел руго гIадамазе хIажатабщиналъул багьаби. Гьелъул хал гьабулев чигойищ гьечIев? Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министр хIалтIудаса эркен гьавулаго, гьесде гIайиб гIунтIизабун букIана цо-цо дарабазул багьа 4 нухалъ цIикIкIинабун бугин.

Гьединго, прокуратураялъул цо данделъиялда Россиялъул Президент В.В.Путиница Генералияв прокурор Ю.Я.Чайкада тIадкъана,рагIа-ракьанде щун, хал гьабизе, кьучI гьечIого,халкъалъе хIажатаб къайиялъул ва дарабазул багьаби рорхизариялъул хал гьабизе. Гьелъул ккараб хIасилалъул хIакъалъулъ бицунеб щибниги дида рагIинчIо,лъаларо, гьедин руцIцIун чIеялъ кире нилъ рачине ругелали. Дагьалъ цебегIан букIараб **«Цогояб Россия»** партиялъул съездалда В.В.Путиница халкъалдехун х1акимзабазул бугеб бербалагьи лъикIаблъун гьечIеблъи загьир гьабун абуна: **«БакIаздаги гIодорчIун,гьел хин гьарулел рукIинчIого, халкъалде гьоркьоре рахъун, гьебгун дандбан бан,хIалтIи гьабизе ккола»,-**ян.

Дагъистаналъул бетIер В.В. Васильевасги гьеб ишалде вачIараб къоялдасабицунеб буго рекIелъ бугеб жахIдаллъиялъ, цогиязул бергьенлъабаздаса рохизе бокьунгутIиялъ,цолъизе бажарунгутIиялъ толел гьечIин нилъ церехун ине.

Щай нилъеда кIоларого бугеб гIунгутIабазде данде, халкъгун дандги бан, къеркьезе? Гьеб гьабизе лъица нилъеда толарого бугеб?РачIа, диналъул вацал, гьел гъалатIал тIагIинариялда тIад киналго хIалтIизе.

*Халит МУХIАМАДОВ, Дилим росу.*

*Гьабе жаваб*

# ХIурматиял газета цIалулел!

«Чапар» газеталъул редакциялъе бокьилаан нужеца гьал суалазе жавабал нижехъе ритIизе.

1. Щай гIолилал росабалъа шагьараздe гочунел?
2. Щиб жо кколеб бигьаяб гIумру?
3. Щивлъун дуда мунго школа лъугьун хадусан вихьулев?
4. Щиб гьабизе кколеб гIагараб росулъ лъикIаб ва ракIрекъараб гIумру букIине ккани?
5. Дур пикруялда, кинал гIунгутIаби ругел нилъер районалда?
6. Щибдай гьабун лъикI гIадамазул рукIа-рахъин жеги лъикIлъизе ккани?
7. Кинал захIмалъаби нужеда щибаб къойил дандчIвалел?
8. Рокьулищ нужее нилъер гIагараб газеталда хъвалел макъалаби?
9. Щайдай нилъер газеталъул тираж цIакъго дагьаб бугеб? (цIализе бокьуларогунищ, лъаларогунищ яги багьа хираго бихьунищ)?
10. Редакциялъул мухбирзабазул лъие нужеца тIадегIанаб къимат кьолеб ? Гьезул лъица хъвалел макъ алаби нужер ракIазе асар гьабулел?
11. Нижер штаталда гьечIел мухбирзабазул щал лъикIаллъун нужеца рикIкIунел?
12. Редакциялъул г1ейгьеч1еб х1алт1и кинаб бугеб?
13. Кинаб бугеб нилъер районалда руччабазул гIумру?
14. Т1оцере гIумруялде рахъинаризе кколел кинал суалал ругел нилъер районалда?
15. Ришватчилъиялъе кинаб къимат нужеца кьолеб?

**Нижер адрес: Казбек район, Дилим росу, "Чапар" газеталъул редакция.**

# Объявление

ГУП «Дылымское» реализует молоко по цене 30 рублей за 1 л. и в любом количестве. По с. Дылым доставляем бесплатно.

Обращаться по тел.: **8 988 469 36 44.**

*Дирекция ГУП «Дылымское».*

*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №188 Тираж 1430*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*